# Миллетлерара татыўлық ҳәм дослық - раўажланыў факторы

ЮНЕСКО Бас конференциясының 1995-жыл 16-ноябрде өткерилген 28-сессиясында қабыл етилген «Кеңпейиллик принциплери декларациясы» дүньяда тынышлық ҳәм татыўлықты тәмийинлеў инсан ҳуқықлары ҳәм еркинликлериниң кепиллигин, тең ҳуқықлық және өз-ара бирге ислесиў қатнасықларын раўажландырыў жолындағы әҳмийетли адым болып хызмет етпекте.

Сонлықтан барлық мәмлекетлер қатары бизиң елимизде де 16-ноябрь «Миллетлерара татыўлық күни» сыпатында кең белгиленеди.

Image not found or type unknown

Елимизде социаллық-экономикалық ҳәм сиясий тараўларда ғана емес ал, топырағымызда жасап киятырған түрли миллет ҳәм елатлардың арасында дослық байланысларын және де беккемлеў, диний кеңпейиллик принциплерин қарар таптырыўға да айрықша итибар қаратылып келинбекте.

Бүгинги күнде кеңпейиллик инсаният тәрепинен ерисилген ең үлкен жетискенликлердиң бири есапланады. Сондай-ақ, ол раўажланыў ушын да әҳмийетли фактор болып хызмет етеди.

Өзбекстанда кеңпейиллик сиясаты себепли ҳәзирги ўақытта бир пүтин шаңарақ болып жасап киятырған 130 дан аслам миллет ўәкиллерине өз ана тили, үрп-әдет ҳәм салт-дәстүрлерин раўажландырыў ушын да барлық шараятлар жаратылмақта.

Пуқаралардың ана тилинде билим алыў имканиятын тәмийинлеў мақсетинде жаратылған имканиятлар нәтийжесинде мәмлекетимиздеги билим бериў мәкемелери менен ғалаба хабар қураллары өзбек, қарақалпақ, рус, қазақ, қырғыз, тәжик ҳәм түркмен тиллеринде жумыс алып барып атыр. Бул өз гезегинде халықаралық жәмийетшилик тәрепинен унамлы қабыл етилмекте.

Сондай-ақ, мәмлекетимизде миллий мәдений орайлардың басламаларын қоллап-қуўатлаў, миллети, дини ҳәм исенимине қарамастан пуқаралар санасында көп миллетли бир пүтин шаңарақ сезимин беккемлеўге жоқары итибар қаратылмақта.

Өйткени миллетлерара татыўлық ҳәм дослық раўажланыўдың баслы факторы болып хызмет етеди.

ҚР Министрлер Кеңеси Мәлимлеме хызмети